

Vwayaj otobis yo pral amelyore!



Vwayaj otobis yo pral amelyore!

Eskane kòd QR la pou plis enfòmasyon an Espanyòl.

Vwayaj otobis yo pral amelyore!

Eskane kòd QR la pou plis enfòmasyon an Pòtigè.

Vwayaj otobis yo pral amelyore!

Eskane kòd QR la pou plis enfòmasyon an Kreyòl Ayisyen.

Vwayaj otobis yo pral amelyore!

Eskane kòd QR la pou plis enfòmasyon an Chinwa senplifye.

Vwayaj otobis yo pral amelyore!

Eskane kòd QR la pou plis enfòmasyon an Nepalè.

Vwayaj otobis yo pral amelyore!

Scan the QR code for more information in Nepali.

Sèvis Otobis nan East Broadway ak Amelyorasyon Twotwa ap vini an 2023!

- Liy otobis yo pentire sou Broadway soti nan McGrath Hwy rive nan Rush St pou diminye reta ak amelyore fyab pou moun ki nan otobis 89 ak 101 yo.
- Konsolide kèk estasyon otobis ant McGrath Hwy ak Pennsylvania Ave pou redwi kantite fwa otobis la dwe kanpe sou Broadway.
- Amelyore sekirite ak vizibilite pou moun k ap mache ak kondwi lè yo netwaye kwen entèseksyon machin ki estasyon yo
- Amelyore sekirite ak vizibilite pou moun k ap mache ak kondwi lè yo netwaye kwen entèseksyon machin ki estasyon yo




Sous Imaj la: Livable Street Alliance

Pou aprann plis, eskane kod QR la, rele 311 (617-666-3311), oswa vizite [somervillema.gov/eastbroadway](https://www.somervillema.gov/eastbroadway).

Biwo Planifikasyon Estratejik ak Devlopman Kominotè nan Vil Somerville

Majistra Katjana Ballantyne

Katye 1 Konseyè Matthew McLaughlin



Kote ki gen de liy pou kondwi nan Broadway jodi a, kontraktè vil la pral pentire liy lan pi pre twotwa a wouj epi ajoute siyal pou endike ke li rezève pou bis ak bisiklèt. Kote moun k ap kondwi yo gen dwa antre nan liy otobis la pou fè vire adwat, liy blan solid ki akote liy otobis la ap kase epi y ap ajoute flèch ki vire adwat nan liy otobis la. Nou ap ajoute siy “Pa gen Parking” epi pentire bwat blan ak liy dyagonal pou make zòn kote pakin yo entèdi toupre pasaj pou pyeton yo ak entèseksyon yo.



Chanjman nan estasyon otobis yo enkli:

- Cross St – Estasyon otobis nan direksyon lwès ki sèvi wout 89 nan direksyon Davis Square ak Clarendon Hill ak wout 101 nan direksyon Malden Center ap rete menm jan an. Kote direksyon lès la nan direksyon Sullivan Square pral deplase pi lwen sou Broadway ant Autumn St ak Cross St.
- Illinois Ave – Estasyon otobis aktyèl yo nan direksyon lwès ki ale lwen Sullivan Square nan Indiana Ave ak Michigan Ave yo pral deplase nan yon nouvo estasyon nan Illinois Ave.
- Glen Street – Arè otobis aktyèl yo ki an direksyon lès yo ap dirije nan direksyon Sullivan Square nan Franklin Street epi bò kote Glen Street ki toupre a pral deplase nan yon nouvo estasyon ki sou bò lwen Glen St anfas bibliyotèk la.
- Yo pral retire estasyon otobis MacArthur Street ak Kensington Avenue.

Kesyon?

Kontakte Staff nan Mèri a:

- Email transportation@somervillema.gov
- Vizite evènman pop-up lari nou yo
- Patisipe nan yon lè biwo vityèl la
- Rele 311 (617-666-3311)
- Si ou bezwen asistans nan yon lang ki pa Anglè, kontakte Biwo pou zafè Imigran yo nan somervillema.gov/contactSomerville.

Evenman

- Evènman pop-up nan lari yo:
- Broadway nan Cross St, 30 Mas a 3pm – 6pm
- Cross St nan Everett Ave, 11 Avril a 2pm – 4pm
- Broadway nan Franklin St, 27 Avril, 3pm-6pm
- Orè biwo vityèl yo (lyen yo disponib sou somervillema.gov/eastbroadwaybus):
- 28 Mas a 12pm – 1pm
- 19 Avril a 4pm – 5pm



Moun ki gen andikap ki bezwen èd ak sèvis oksilyè pou kominikasyon efikas (sa vle di, CART, ASL), materyèl ekri nan yon fòm altènatif, oswa modifikasyon rezonab nan règleman ak pwosedi yo pou yo ka jwenn aksè nan pwogram, aktivite, ak reyinyon nan Vil Somerville yo ta dwe kontakte Adrienne Pomeroy davans nan 617-625-6600 x 2059 oswa apomeroy@somervillema.gov.